

Plan Akademik Estratejik 2016-2020

Anwo Nèt pou Revisit Etidyan!



"Eske li bon pou timoun?"

Kesyon sa a mete limyè sou prensip santral ki prale gide aksyon ak desizyon nou yo nan East Ramapo Central School District. Distri nou an angaje li pou respekte pwomès li fè etidyan, paran, manb kominote, ak kontribyab nou yo – yon pwomès pou ekipe chak etidyan ak konfyans epi konpetans pou reyisi nan lavi ak nan karyè. Plan estratejik sa a, ke yon gwoup transvèsal edikatè East Ramapo ak patisipan ekstèn, se gid pou vwayaj nou nan direksyon lekòl ki byenveyan, pwospè ak efikas.

Lekòl nou an pa kapab poukонт li. Relasyon solid ak

patisipan nou yo ansanm ak amelyorasyon san kanpe pratik pwofesyonèl nou yo se kle nan akonplisman etidyan nou yo. Nan East Ramapo, nou nan yon vwayaj pou nou dekouvrir jiska ki pwen nou ka ekstrawòdinè. Nou detèmine pou kontinye avanse Anwo Nèt pou revisit etidyan nou yo!

Doktè Deborah L. Wortham
Sirentandan
(Spring Valley, New York)

Yon Apèl pou Aksyon ki Ale nan Menm Direksyon



Nan East Ramapo Central School District, nou kwè ke tout etidyan nou yo ap reyisi nan yon wo nivo lè enstriksyon an satisfè bezwen yo. Sèlman yon-ka nan etidyan nou yo gen nivo estanda nan Matematik ak Lang Anglè. Sèlman 13 sou chak 20 etidyan segondè gradye atan. Done sa yo pi enkyetan toujou pou Etidyan k ap Aprann Anglè, ak yon to abandon 42% pou 2014-2015. Nou ka fè mye. Nou dwe fè mye.

Plan estratejik sa a ofri yon opòtinite pou akselere pèfòmans etidyan nou yo. Te genyen plis pase 100 patisipan East Ramapo ki te devlope plan an, tankou paran, manb kominote, pwofesè, anplwaye, administratè, manb konsèy, ak ofisyèl gouvènman.

Plan nou an fè sistèm lekòl nou an pran angajman senk objektif ki mande kouraj pou reyisit etidyan nou yo.

Sa a se repons nou ki ale nan menm direksyon pou ranfòse pratik pwofesyonèl nou yo yon fason pou asire rezulta ki jis, responsab ak ekitab pou tout etidyan nou yo.

Etidyan ki te "Atenn Nivo Estanda" nan Egzamen Mat Eta a

(Kantite sou chak 20 etidyan)


Grade Level	2012-2013	2013-2014	2014-2015	2015-2016	Test Taker # 2015-2016
All Students Grades 3-8	NA	3	3	3	3,614
3rd Grade	2	3	4	3	712
4th Grade	3	3	3	4	669
5th Grade	2	3	3	3	652
6th Grade	3	5	4	4	558
7th Grade	2	2	2	2	536
8th Grade	2	2	1	2	487
Integrated Algebra (Regents Exams)	14	14	10		
Algebra I (Common Core)	NA	14	9		
Geometry (Regents Exams)	14	13	11		
Geometry (Common Core)	NA	NA	9		
Algebra 2/ Trigonometry (Regents Exams)	10	9	7		

Etidyan ki te "Atenn Nivo Estanda" nan Egzamen LA Eta a

(Kantite sou chak 20 etidyan)

Grade Level	2012-2013	2013-2014	2014-2015	2015-2016	Test Taker # 2015-2016
All Students Grades 3-8	3	3	3	4	3,562
3rd Grade	3	3	3	4	692
4th Grade	4	2	2	5	646
5th Grade	2	3	3	3	633
6th Grade	3	3	3	5	552
7th Grade	3	2	2	4	522
8th Grade	4	4	3	5	517
Regents Exams	16	16	16		

		Number of Students	Graduation Rate
All Students	Regular Diploma	429	63%
	Advanced Diploma	100	15%
Female	Regular Diploma	214	68%
	Advanced Diploma	50	16%
Male	Regular Diploma	215	60%
	Advanced Diploma	50	14%
Asian	Regular Diploma	0	NA
	Advanced Diploma	0	NA
Black	Regular Diploma	244	68%
	Advanced Diploma	48	13%
Hispanic	Regular Diploma	117	53%
	Advanced Diploma	26	12%
White	Regular Diploma	34	56%
	Advanced Diploma	9	15%
Students with Disabilities	Regular Diploma	32	31%
	Advanced Diploma	2	2%
English Learners	Regular Diploma	11	12%
	Advanced Diploma	0	0
Economically Disadvantaged	Regular Diploma	301	62%
	Advanced Diploma	56	12%



Misyon nou

Antanke kominote ini, East Ramapo Central School District pran angajman pou edike timoun nan nan tout sans pandan li ba yo yon anviwònman ki favorize sante, sekirite, angajman ak aprantisaj pou devlopman yo.



Vizyon nou

N ap vin konpetan nan tout sa nou fè.



Valè Nou Pataje yo

Nan tout sa nou fè, nou motive, fasilite, ak ranfòse...

1. Konfyans ak komunikasyon fran
2. Konfyans
3. Relasyon nan Kolaborasyon
4. Respè mityèl ak konpòtman etik
5. Divèsite ak enklizivite
6. Ekselans

Objektif ak Mezi Pwogrè Etidyan yo



Yon objektif fondamantal sistèm lekòl nou an se ekipe chak etidyan ak yon konpetans ak konfyans pou reyisit nan lòt nivo a. Objektif Nou ak Mezi Pwogrè Etidyan Nou yo reprezante pwomès nou fè etidyan, paran ak moun k ap bay swen, epi kominate nou an. Yo reprezante angajman nou pou aprantisaj, devlopman ak reyisit chak etidyan... sòti nan preskolè rive nan segondè..

Objektif

Mezi Pwogrè Etidyan yo

* Mezi Priyore

1 Reyisit nan Premye Ane yo

Chak etidyan gen pou demontre li pare sou plan sosyal, emosyonèl ak akademik pou satisfè oubyen depase ni estanda nan klas la nan fen dezyèm ane.

- Yon pousantaj eleve etidyan nan nivo pre-K jiska 2yèm ane ranpli kondisyon pou devlopman sosyo-emosyonèl, fizik ak kognitiv.

* Yon pousantaj elve etidyan nan nivo pre-K jiska 2yèm ane te atenn konpetans nan lekti ak konte pou timoun.

* Yon kantite elve etidyan apwopriye refere yo a edikasyon espesyal.

* Yon pousantaj elve Apranti Anglè te demontre yon kwasans nan akizisyon konpetans pou yo pale Lang Anglè a.

2 Sante, Sekirite, Sipò, Angajman ak Ankourajman

Chak etidyan ap jwenn ankourajman nan yon anviwònman ki gen sekirite, pou li aji an sitwayen pwodiktif epi angaje ki kapab satisfè atant elve.

• Yon pousantaj elve etidyan patisipe nan atelye sou atant akademik ak fikse objektif.

* Yon pousantaj elve etidyan santi yo ansekirite ak valorize nan lekòl yo, jan yon ankèt pèsepsyon valid ak konfyab te mezire sa.

• Yon pousantaj etidyan demontre konesans sou chwa manje ki sen, egzèsis, swen pèsònèl, ak woutin ki sipòte ijyèn.

• Yon pousantaj elve etidyan patisipe nan konferans ke etidyan dirije.

3 Motive, konfyan, Pansè Kritik ki Fò

Chak etidyan ap pran responsabilite pou edikasyon li epi pran yon angajman total pou li vin kritik, panse nan fason kreyatif epi konn fikse objektif.

• Yon pousantaj elve etidyan ki gen yon granmoun ki reyisi kòm mentò.

• Yon pousantaj elve etidyan ki demontre yo devlope plis rezilyans, konfyans, angajman ak vwa nan rezoud pwoblèm mond reyèl la.

• Yon pousantaj elve etidyan ki angaje yon fason kognitiv pandan enstriksyon ap bay nan klas.

4 Metriz Sijè Akademik ak Travay Atistik

Chak etidyan ap rankontre epi/oubyen depase estanda yo nan tout sijè, pamì yo travay atistik nan fen chak klas tranzisyon esansyèl.

* Yon pousantaj elve etidyan demontre kwasans nan pèfòmans tout sijè akademik yo ak travay atistik.

* Yon pousantaj elve etidyan ki pap bay bon pèfòmans nan chak klas rive fè pou pi piti yon kwasans 1.5 ane nan sijè esansyèl yo nan yon ane.

* * Yon pousantaj elve etidyan atenn oubyen depase konpetans nan prensipal sijè akademik yo ak tout travay atistik yo.

* * Yon patisipasyon elve ak to reyisit etidyan nivo entèmedyè ak lekòl segondè nan kou pi wo nivo/AP/Onè

* Yon pousantaj elve etidyan Apranti Anglè ki metrize konpetans nan Lang Anglè a pandan 3 zan.

5 Gradyasyon Lekòl Segondè ak Preparasyon pou Kolèj ak Karyè

Chak etidyan ap gradye nan segondè, pare pou kolèj, karyè, ak eksperyans ki fèt apre segondè.

• Pousantaj elve etidyan ki demontre tranzisyon reyisi de preskolè a Kindègadenn, de Kindègadenn a Elementè, Elementè a Entèmedyè, Entèmedyè a Segondè, epi de Segondè a kolèj/eksperyans apre segondè.

* Yon pousantaj elve etidyan 10yèm ane ki sou wout pou gradyasyon segondè a tan.

* Yon pousantaj elve etidyan 10yèm ane ki sou wout pou gradyasyon segondè a tan.

* Decreased 4-year high school dropout rates.

* * Yon pousantaj elve etidyan 10yèm ane ki sou wout pou gradyasyon segondè a tan.

Pratik Pwofesyonèl



Amelyorasyon san kanpe aprantisaj etidyan ki chita sou amelyorasyon pratik ansèyman, pratik lidèchip, ak pratik òganizasyonèl. Pratik pwofesyonèl sa yo, kadre ak Kat Pilye teyori aksyon nou an, defini sa nou vle mete an plas, fè swivi, ak sipò chak jou ... nan chak sal klas, nan chak lekòl, ak nan tout sistèm nan.

Pilye #1

Atant Elve pou Ansèyman & Aprantisaj

- T1.** Pwofesè yo sèvi ak yon varyete estrateji enstriksyonèl (eg: demonstrasyon, travay endepandan, pwojè rechèch, aprantisaj koperatif) kòm plizyè opsyon pou konplete devwa yo.
- T2.** Pwofesè yo monte nivo atant yo ak nivo rigè yo pou tout etidyan, kèlkeswa nivo akonplisman aktyèl yo, pou asire kevlopman san kanpe etidyan an.

Pilye #2

Kilti ak Sekirite ak Relasyon Solid ak Fanmi & Kominote

- T3.** Pwofesè yo ensite, ankouraje ak onore tout etidyan yo, epi fè pwomosyon pou yon anwiwònman ki fasilité gwo akonplisman, byenveyans ak sipò.
- T4.** Pwofesè yo bay fanmi yo yon varyete opsyon angajman ki apwopriye parapò ak orè ansanm ak enterè paran an.

Pilye #3

Aprantisaj ki fokus sou rezulta, ki chita sou Kolaborasyon Pwofesyonèl

- T5.** Pwofesè yo sèvi ak tan planifikasyon kolaboratif pou pataje ak reflechi sou kourikouloum nan, chan ak sekans, bezwen etidyan yo, ak pratik sou enstriksyon yo.
- T6.** Pwofesè yo devlope plan kwasans pwofesyonèl ki baze sou analiz kolaboratif travay etidyan yo ak refleksyon sou pratik pwofesyonèl.

Pilye #4

Sistèm ki chita sou done, Efikasite ak Efisyans

- T7.** Pwofesè yo analize epi sèvi done evalyasyon fòmativ ak referans pou fè swivi aprantisaj etidyan yo epi adapte enstriksyon pou satisfè bezwen aprantisaj etidyan yo.
- T8.** Pwofesè yo rankontre regilyèman pou egzamine evalyasyon fòmativ epi fè ajisteman sou enstriksyon yo pou abòde domèn enkyetid ak/oubyen akselere aprantisaj etidyan yo .

- L1.** Ekip Prensipal/Lidèchip la komikike atant elve pou pèfòmans etidyan yo epi kite etidyan yo konnen ke tout moun envesti nan reyisit chak etidyan.
- L2.** Ekip Prensipal/Lidèchip la fasilité kolaborasyon nan tout lekòl la ak konsansis sou travay ki ranpli kondisyon estanda ki fêt ak rigè andedan ak atravè nivo yo ak sijè yo.

- L3.** Ekip Prensipal/Lidèchip la ranfòse kapasite lekòl la pou konekte tout etidyan ak omwen yon granmoun byenveyan andedan lekòl la ak / oubyen kominote a.
- L4.** Ekip Prensipal/Lidèchip la ranfòse sistem nan pou lye edikatè, etidyan, paran ak moun k ap bay swen, ak kominote a pou kreye lekòl ki an sekirite, byenveyan epi ki genyen pèfòmans elve.

- L5.** Ekip Prensipal/Lidèchip la devlope epi mete anplas yon plan devlopman pwofesyonèl diferansye a yon kalandriye anyèl, ki alieni ak plan amelyorasyon lekòl la ak tout bezwen aprantisaj pwofesyonèl chak pwofesè oubyen anplwaye.
- L6.** Ekip Prensipal/Lidèchip la kontinye evalye enpak pwogram devlopman pwofesyonèl sou aprantisaj etidyan ak pratik pwofesyonèl chak pwofesè oubyen manb pèsònèl la.

- L7.** Direktè yo bay fidbak souvan sou aprantisaj etidyan yo ak pratik pwofesyonèl yo pou fè swivi mizanplas nan tout lekòl la ak plan san kanpe nan nivo klas / depatman.
- L8.** Ekip Prensipal/Lidèchip la rankontre ak ekip pwofesè yo pou egzamine kòman done yo itilize pou pote amelyorasyon san kanpe enstriksyon nan klas, nan idantifikasiyon etidyan ki bezwen entèvansyon oubyen akselerasyon.

- O1.** Lidèchip Distri/Lekòl la mete an plas yon kourikouloum ki baze sou estanda ak evalyasyon fòmativ ki alieni ak estanda eta a, ak aliyman vètikal, orizontal ak transvèsal atravè pwogram enstriksyonèl santral la.

- O2.** Lidèchip Distri/Lekòl la mete tan pou devlopman pwofesyonèl, kolaborasyon kolejyal, ak preparasyon kourikouloum ki alieni ak estanda yo, enstriksyon ak pratik evalyasyon yo.

- O3.** Lekòl/ Distri a ak kominote a devlope yon vizyon pataje ak planife pou fè pwomosyon, ranfòse, ak sipòte yon kilti lekòl pozitif ki chita sou pèfòmans wo nivo.

- O4.** Anplwaye lekòl yo sipòte yon atelye oubyen distribye enfòmasyon pou asiste paran yo konprann kòman etidyan yo ka amelyore konpetans yo, jwenn èd lè sa nesesè, satisfè atant yo, epi atten gwo nivo kwasans akademik.

- O5.** Lekòl/Distri a mete an plas yon evalyasyon sistematik ak yon pwotokòl amelyorasyon san kanpe pou evalye livrezon ak efikasite òf devlopman pwofesyonèl yo.

- O6.** Lidèchip Distri/Lekòl la devlope yon jesyonè lekòl ak lidè distri ki atten metriz nan pratik prensip santral lidèchip yo epi k ap fasilité aprantisaj lòt pwofesè, lidè, ak anplwaye yo.

- O7.** Lidèchip Distri a asire li ke tout lekòl yo gen akse ak evalyasyon referans kalite elve ak devlopman pwofesyonèl pou mete an plas yon sistèm sipò done desizyon k ap ede enfòme aprantisaj etidyan ak amelyorasyon enstriksyon.

- O8.** Lidèchip Distri a asire li ke bidjè objè pou kategori ak pou distri a konekte klèman ak vizyon fokis Distri a, ansanm ak devlopman anplaye yo.

Estrateji Edikasyonèl

Kat Pilye yo se blòk konstriksyon pou aksyon apwopriye nan tout nivo. Yo dfini kapabilite nou bezwen epi ke nou dwe devlope pou atenn Objektif ak Mezi Pwogrè Etidyan; yo bay yon "kad" pou travay ak kontribisyon pwofesè, lidè, anplwaye, fanmi, ak patnè nan kominote yo. Estrateji Edikasyonèl reprezante pwogram levye siperyè ak inisyativ ki, lè yo enplemante yo ak fedelite, y ap vin fasilité amelyorasyon san kanpe pratik pwofesyonèl yo ak tout kreyasyon lekòl pwospè kote chak etidyan ka atenn nivo siperyè nan estanda akademik ak konpòtman.

Pilye #1

Atant Elve pou Ansèyman & Aprantisaj

1.1 Sistèm enstriksyon ki alien ak estanda yo

- Aliyen kourikouloum, evalyasyon, materyèl ak gid etap yo ak Estanda Aprantisaj Nwayo Komen (EANK), epi asire emplémentasyon jou aprè yo nan chak lekòl epi nan chak sal klas.
- Etann jou konplè Kindègadenn ak tout lekòl Elementè yo.
- Bay aksè pou tout etidyan patisipe nan pwogram travay atistik entegre, klas Plasman Avanse (PA), ak kou Onè.

1.2 Enstriksyon Adapte ak angajman etidyan

- Mete an plas yon gwoup pratik enstriksyonèl ki chita sou rechèchè pou fasilité "bon premye ansèyman" ki adapte kiltirèlman atravè domèn akademik yo, nivo klas yo, ak gwoup etidyan yo.
- Ranfòse fondasyon aprantisaj lekti ak konte prekòs nan nivo avan Kindègarden jiska 2yèm ane, ak materyèl apwopriye pou laj yo, sipò, ak devlopman san kanpe anplwaye yo.
- Ranfòse angajman etidyan yo ak responsabilite aprantisaj atravè sistèm pòtfolyo etidyan an ki gen ladann fikse objektif akademik ak konpòtman, swivi pèsonèl pwogrè, ak konferans ansanm ak eksppozisyon etidyan mennen.
- Egize ke tout etidyan gradye nan segondè yo pou yo fini yon plan pou apre etid segondè yo an kolaborasyon ak anplwaye yo, kamarad yo ak paran/moun k ap bay swen yo.

1.3 Sistèm sipò ponktyèl

- Mete anplas yon pwogram Devlopman Lang Anglè pou Apranti Anglè ki konekte ak pwogram enstriksyon prensipal la, onore konesans etidyan yo genyen anvan yo, epi anplwaye plizyè fòm pou evalye metriz kontni akademik ak vokabiliè.
- Mete anplas siveyans ak avètisman prekòs epi akselere pwosesis entèvansyon an pou Etidyan Edikasyon Espesyal yo ak etidyan ki riske pa atenn nivo estanda yo.
- Fè entèvansyon ponktyèl pou asire ke chak etidyan 10yèm ane sou wout epi atan pou gradyasyon.

Pilye #2

Kilti ak Sekirite ak Relasyon Solid ak Fanmi & Kominote

2.1 Konpòtman positif & vwa etidyan

- Mete anplas ak fè swivi tout nivo Konpòtman Pozitif & Sistèm Entèvansyon (KPSE) nan chak lekòl ak chak sal klas, pou kreye yon kilti sekirite pou aprantisaj ak travay.
- Mete an plas yon pwogram mentora ant yon etidyan ak yon granmoun oubyen ant yon etidyan ak yon lòt etidyan.
- Reyalize omwen yon somè anyèl ke yon etidyan dirije kòm yon fowòm ki ouvri, kominikasyon mityèl ak respè pamì etidyan yo, anplwaye ak paran/moun k ap bay swen yo.

2.2 Edikasyon ak kolaborasyon fanmi

- Bay fòmasyon san kanpe pou paran/moun k ap bay swen anrapò ak estrateji efikas pou ranfòse langaj ak konpetans nan matematik soti nan Kindègarden rive nan 2yèm ane.
- Angaje paran ak moun kap bay swen yo nan yon fòmasyon san kanpe, kolaborasyon ak kominikasyon pou ka konprann pi byen epi sipòte akonplisman etidyan.
- Edike paran ak moun k ap bay swen sou kòman pou yo jwenn aksè ak resous lekòl ak kominotè ki ka sipòte sante fanmi an ak byenèt, ak reyisit konpòtman ak lavi etidyan yo.

2.3 Pwogram estaj ak de diplòm

- Devlope patenarya kominotè k ap bay opòtinite pou etidyan yo enskri nan kou nan kolèj lokal ak inivèsite yo, epi patisipe nan estaj ak aprantisaj ak anplwaye lokal epi òganizasyon kominotè.



"Sa nou gen devan nou se yon seri opòtinite k ap koupe souf ki degize an pwoblèm ki pa ka rezoud."

- John Gardner

Pilye #3

Aprantisaj ki fokis sou rezulta, ki chita sou Kolaborasyon Pwofesyonèl

3.1 Developman pwofesyonèl ki base sou estanda yo

- Defini ak mete an plas pratik enstriksyonèl ki alienen ak CCLS ke tout pwofesè ak anplwaaye sipò pou klas ap metrize epi prezante.
- Defini ak mete an plas estanda pwofesyonèl pou sipòte tout anplwaye nan tout nivo, epi bay developman san kanpe anplwaye yo ki alienen avèk atant sa yo.

3.2 Kolaborasyon ki chita sou evidans

- Bay tan dedye pou pwofesè, lidè, ak anplwaye ki angaje nan Somè Done nan fen chak sik evalyasyon, ak aksan sou analiz done etidyan, refleksyon sou pratik pwofesyonèl, ak planifikasyon pou pwochen sik evalyasyon an.

3.3 Rezo Lidèchip pwofesè & administratè

- Devlope yon gwoup pwofesè ki byen fòme epi ki gen konpetans siperyè, lidè ak anplwaye pou facilite aprantisaj pwofesyonèl nan lekòl la, nan nivo deputman ak distri a.

Pillar #4

Sistèm ki chita sou done,
Efikasite ak Efisyans

4.1 Sistèm evalyasyon ponktyèl

- Mete an plas yon sistèm evalyasyon pou bay fidbak ki otantik epi ponktyèl sou kwasans etidyan, pratik enstriksyon, entèvansyon ak komunikasyon ak paran.

4.2 Planifikasyon, rapò biblik, ak selebrasyon

- Aranje objektif pèfòmans yo epi devlope plan amelyorasyon ki fokis sou rezulta a pou chak lekòl ak inite nan nivo distri a.
- Mete sou plas yon tablo pèfòmans ki sou entènèt pou pataje pwogrè lekòl ak distri a o mwen twa fwa pa an.
- Organize seremoni ki base sou lekòl ak distri a pou selebre akonplisman anplwaye ak etidyan o mwen pandan ane lekòl la.

4.3 Kilti Ekselans nan Sèvis

- Organize wòl santral, resous, ak pwosesis pou sipòte lekòl yo pi byen.
- Ranfòse relasyon kò pwofesè ak relasyon pwofesyonèl yo atravè yon vizyon ki pataje nan kolèj, komunikasyon amelyore, travay estimilan, ak devlopman karyè.
- Mennen ankèt peryodik sou satisfaksiyon anplwaye yo pou mezire fidbak ak asire satisfaksiyon anplwaye yo.





Prete Atansyon ak Entansyon nou

Atenn Objektif & Mezi Pwogrè Etidyan East Central School District mande yon angajman lekòl distri a ak patnè li yo pou yon mizanplas ki discipline plan estratejik distri a. Anplis, rezulta etidyan ki reyisi chita sou plan aksyon anyèl; ranfòsman kapasite san kanpe pou pwofesè, lidè ak anplwaye; swivi konsistan pwogrè yon fason nou ka korije kous la nan bon moman; epi rapò piblik ak selebrason akonplisman pou soutni angajman patisipan entèn ak ekstèn epi "nouri kè a."

Monte Anwo Nèt pou Revisit Etidyan
mande atansyon konsistan ak entansyon nou.

Revisit
Etidyan



Responsabilite
pou pefòrmans
ak selebrasyon
akonplisman yo

Enfòmasyon Demografik sou East Ramapo 2014-15

8,497 Etidyan

48% Fi

52% Gason

.....
39% Nwa oubyen Afriken Ameriken

50% Latino

5% Moun Zile Pasifik

5% Blan

1% Melanj Plizyè Ras

.....
29% Apranti Lang Anglè

21% Etidyan ak Andikap

84% Defavorize Ekonomikman

14 Lekòl

1. Chestnut Ridge Middle School
2. Early Childhood Center
3. Eldorado Elementary School
4. Elmwood Elementary School
5. Fleetwood Elementary School
6. Grandview Elementary School
7. Hempstead Elementary School
8. Kakiat Elementary School
9. Lime Kiln Elementary School
10. Margetts Elementary School
11. Pomona Middle School
12. Ramapo High School
13. Spring Valley High School
14. Summit Park Elementary School

KONSEY EDIKASYON AN

Yehuda Weissmandl, Prezidan
Harry Grossman, Vis Prezidan
Joe Chajmovic
Bernard L. Charles, Jr
Sabrina Charles-Pierre
Pierre C. Germain
Moshe Hopstein
Jacob J. Lefkowitz
Yonah Rothman

Sirentandan

Doktè Deborah L. Wortham

East Ramapo Central School District
105 South Madison Avenue
Spring Valley, NY 10977

<http://www.ercsd.org>